

VAKSINASYON POU TOUT MOUN



Vaksen rapèl COVID-19 Kesyon yo Poze Pi Souvan

Yo rekòmande piki rapèl kont COVID-19 la pou tout moun ki gen 18 lène oswa ki pi gran epi ki te resevwa dezyèm dòz vaksen kont COVID-19 Pfizer a oswa Moderna a apre sis mwa oswa plis, oubyen moun ki te resevwa sèl dòz vaksen Johnson & Johnson (J&J) lan apre de mwa oswa plis, epi fòk moun nan gen 18 lène oswa plis.

Kisa vaksen rapèl la ye?

Yon vaksen rapèl se yon dòz anplis aprè ou fin pran yon seri vaksen, yo itilize l pou ranfòse iminite w kont viris la paske pwoteksyon an ka diminye toutotan tan ap pase (se sa nou rele diminasyon iminite a).

Ki moun ki ka pran yon vaksen rapèl?

6 mwa apre yon moun fin resevwa dezyèm dòz vaksen Pfizer oswa Moderna a, tout moun ki gen 18 lène oswa plis sipoze pran yon piki rapèl.

2 mwa apre yon moun fin resevwa sèl grenn dòz vaksen J&J lan, tout moun ki gen 18 lène oswa plis sipoze pran yon piki rapèl.

Poukisa yo rekòmande vaksen rapèl la?

Vaksen COVID-19 yo toujou efikas pou fè prevansyon kont fòm grav, ospitalizasyon (etène) ak lanmò akòz COVID-19. Sepandan gen kèk etid ki montre pwoteksyon kont enfeksyon an ak vaksen Pfizer oswa Moderna kòmanse bese aprè sis mwa oswa aprè de mwa ak vaksen J&J a. Yon vaksen rapèl ka bay yon pwoteksyon an plis ak moun ki gen risk ekspozè a COVID-19 oswa risk pou gen yon fòm grav COVID-19, espesyalman ansanm ak prezans varyant Delta k ap pwopaje nan kominote nou yo.

Ki pwoblèm sante ki ka ogmante risk pou gen yon fòm grav COVID-19?

Pwoblèm sante ki ka ogmante risk pou gen yon fòm grav COVID-19 gen ladan l, Dyabèt (sik), maladi kè, pwoblèm nan ren ki toujou la, maladi pilmonè ki pa geri, maladi nan fwa kansè, demans, VIH ak gwoès. Pou yon lis konplè gade: [cdc.gov/coronavirus/2019-ncov/need-extra-precautions/people-with-medical-conditions.html](https://www.cdc.gov/coronavirus/2019-ncov/need-extra-precautions/people-with-medical-conditions.html)

Kiyès ki gen risk ekspozisyon a COVID-19 nan travay yo ak lòt kote?

Jan de travay ki ka ogmante risk pou w ekspoze a COVID-19 se travay nan domèn sante, pwofesè, moun k ap travay nan gadri, moun k ap travay nan restoran ak makèt. Lòt kote ki ka ogmante risk ekspozisyon an se sant akèy pou moun ki pa gen kote pou yo rete ak prizon.

Kijan m ap fè konnen si mwen bezwen yon vaksen rapèl?

Pale ansanm ak founisè swen sante ou a si ou gen kesyon sou posibilite pou w pran yon vaksen rapèl. Si ou bezwen èd pou w jwenn yon founisè, rele 311 oswa rele 212-COVID-19 (212-268-4319) epi pale ak yon enfimyè pou w konnen si ou kalifye.

Èske moun ki ansent, k ap bay tete oswa ki ap chache tonbe ansent ka pran yon vaksen rapèl?

Moun ki ansent ak moun ki te ansent yon ti tan avan sa gen risk pou yo devlope yon fòm grav COVID-19 an konparezon ak moun ki pa ansent yo. Moun ki ansent yo dwe pran vaksen kont COVID-19. Si moun ki ansent yo ranpli kondisyon yo, yo dwe resevwa yon vaksen rapèl.

Ki risk ki genyen pou pran yon vaksen rapèl?

Pou majorite moun ki pran de dòz Pfizer oswa Moderna oswa dòz inik vaksen J&J lan, avantaj pou w pran yon vaksen rapèl plis pase risk yo. Jiskounya reyaksyon yo rapòte pou moun ki pran vaksen rapèl yo menm ak premye dòz yo. Fatig ak doulè nan ponyèt se efè segondè yo rapòte pi souvan. Pifò efè segondè yo soti nan leje rive nan modere.

Èske vaksen rapèl la se menm ak de premye dòz yo?

Wi. Vaksen rapèl la se menm vaksen ak de premye dòz Pfizer oswa Moderna oswa ak dòz inik J&J nan. Sepandan dòz rapèl pou Moderna a se mwaye nan sa yo te ba ou nan de premye dòz yo.

Èske mak vaksen rapèl mwen an dwe menm ak vaksen mwen te pran premye fwa a?

Moun ki vaksinen yo dwe eseye pran menm vaksen yo te pran premye fwa a, men yo gen chwa pou pran yonn nan de lòt tip vaksen yo.

Kilè mwen dwe pran yon vaksen rapèl?

Ou dwe pran yon vaksen rapèl sis mwa oswa plis aprè ou fin resevwa dezyèm dòz vaksen Pfizer oswa Moderna kont COVID-19 la si ou elijib, oswa de mwa oswa plis aprè ou fin resevwa dòz inik vaksen J&J kont COVID-19 la.

Si nou bezwen vaksen rapèl, èske sa vle di vaksen an pa mache?

Non, Vaksen kont COVID-19 yo bon pou fè prevansyon kont gwo maladi (fòm grav) ospitalizasyon, ak lanmò menm kont varyant Delta ki ap pwopaje anpil la. Sepandan, ekspè nan sante piblik yo kòmanse konstate gen yon diminisyon nan pwoteksyon an, espesyalman lakay kèk kategori nan popilasyon an.

Mwen iminodeprime epi mwen pran yon twazyèm dòz. Èske mwen dwe pran yon vaksen rapèl?

Moun ki lejèman ak sevèman iminodeprime ki gen 18 lane oswa plis ki fin pran yon seri vaksen primè ARNm kont COVID-19 la epi ki pran yon lòt dòz vaksen ARNm anplis ka resevwa yon sèl dòz vaksen rapèl kont COVID-19 (Pfizer-BioNTech, Moderna oswa J&J) pou pi piti 6 mwa aprè yo fin pran twazyèm dòz vaksen ARNm lan.

Ki kote mwen ka pran yon vaksen rapèl gratis?

Vaksen rapèl Pfizer ak J&J an disponib nan 11 lopital nan sistèm NYC Health + Hospitals la. Vaksen rapèl Moderna a disponib nan nenpòt sit NYC Health + Hospitals/Gotham Health. Li pa nesèsè pou ou ale nan menm sit kote ou te pran de premye dòz vaksen Pfizer oswa Moderna oswa dòz inik J&J an. Ale nan nenpòt ki lopital NYC Health + Hospitals ki bay swen pou yon ti tan oswa nan sit NYC Health + Hospitals/Gotham Health pou vaksen rapèl ou a oswa rele nan 1-877-829-4692 pou w jwenn èd nan plizyè lang.

Èske mwen ka pran yon vaksen rapèl menm lè ak lòt vaksen (tankou vaksen kont grip)?

Wi. Pa gen okenn pwoblèm pou w pran yon vaksen rapèl an menm tan ak lòt vaksen avan oswa aprè. Si ou pako pran vaksen kont grip la, tou de disponib nan etablisman NYC Health + Hospitals yo k ap bay swen pou yon ti tan yo.

Èske mwen bezwen yon vaksen rapèl pou mwen vaksinen konplètman?

Non. yo konsidere yon moun vaksinen konplètman de semèn aprè dezyèm dòz vaksen an (tankou Pfizer oswa Moderna) oswa de semèn aprè vaksen dòz inik J&J an.

Èske vaksen rapèl yo ap obligatwa?

Obligasyon nan Eta New York pou moun k ap travay nan domèn sante yo pran vaksen an se pou sèlman de premye dòz yo li aplike. Obligasyon an pa konsène vaksen rapèl la.

Èske yo rekòmande vaksen rapèl yo pou timoun?

Nan moman sa, nou ankouraje tout moun ki gen 16 lane oswa plis pou yo resevwa piki rapèl la. Moun ki gen 16 lane 17 lane ki te pran premye seri vaksen Pfizer a plis pase sis mwa deja, yo elijib pou vaksen rapèl Pfizer a sèlman. Moun ki gen 5 lane 15 lane aktyèlman pa elijib pou piki rapèl yo.